


# Pran SANTE SÈVO

## Ou An Chaj

Ti chanjman kapab  
genyen **GWO** enpak.



**Rete aktif epi jere maladi  
tankou dyabèt, tansyon wo, ak  
kolestewòl ki wo, kapab ede sèvo  
w rete djanm. Sa ka diminye risk  
pou w souffri demans tou.**



**Department  
of Health**

Vyeyisman, jenetik ak istorik famiyal pa ka chanje, men faktè risk yo, se bagay ki ka jere. **Sa a ka ede fè prevansyon oswa retade jiska 45% ka demans yo.**

## Ou ka diminye risk ou nan nenpòt ki laj.



Sispann fimen



Limite oswa evite alkòl



Rete aktif fizikman



Konsève yon pwa ki bon pou sante



Jere dyabèt oswa lòt maladi kwonik



Dòmi ase



Rete aktif sosyalman



Pran swen sante mantal ou



Fè yo tcheke vizyon w ak odisyon w regilyèman

# Gwoup Moun ki Arisk yo:


Nenpòt moun kapab devlope maladi Alzheimer. Gen moun ki gen pi gwo risk pase lòt, tankou:

- Adilt ki pi aje yo, sitou moun ki pi gran pase 65 lane yo
- Sèten gwoup minoritè, ki enkli moun ki Ispanik, Nwa Ameriken/Afwo-Ameriken, ak Fi Amerendyen yo

## Enfòmasyon sou Maladi Alzheimer:

- Alzheimer se yon maladi sèvo ki devlope dousman e ki vin pi mal ofiramezi tan ap pase.
- Alzheimer se sizyèm kòz prensipal lanmò Ozetazini.

**Genyen plizyè kalite demans; maladi Alzheimer se youn nan yo.** Demans se degradasyon gradyèl e kontinyèl fonksyon mantal ak fizik yo. Li ka afekte divès fonksyon nan sèvo a, tankou:



# Ti chanjman kapab genyen **GWO** enpak.



Pou w jwenn plis enfòmasyon, pale avèk pwofesyonèl  
swen sante w la, oswa ale sou sitwèb:

**health.ny.gov/brainhealth**



Eskane  
pou w  
apwann plis



**Department  
of Health**

Suiv nou:  
[health.ny.gov](https://health.ny.gov)  
[facebook.com/NYSDOH](https://facebook.com/NYSDOH)  
[x.com/HealthNYGov](https://x.com/HealthNYGov)  
[threads.com/nysdoh](https://threads.com/nysdoh)  
[youtube.com/NYSDOH](https://youtube.com/NYSDOH)  
[@nysdoh.bsky.social](https://@nysdoh.bsky.social)

Deklarasyon Finansman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC)

Se nimewo finansman NU58DP007533 ki te sipòte pwodiksyon piblikasyon sa a ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a. Kontni li yo se sèlman responsabilite Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) la e li pa nesèsèman reprezante pwendvi ofisyèl Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a.